

Vaksen Menengokòk pou Pre-adolesan e Adolesan

Tout pre-adolesan ak adolesan dwe pran vaksen pou pwoteje kont maladi menengokòk. Pale avèk doktè oubyen enfimyè pitit ou sou vaksinasyon kont menengokòk pou ede pwoteje sante pitit ou.



Poukisa pitit mwen bezwen vaksen kont menengokòk?

Vaksen kont menengokòk ede pwoteje kont bakteri ki lakòz maladi menengokòk. Maladi menengokòk ka refere ak nenpòt maladi ki fèt akòz yon tip bakteri ki rele *Neisseria meningitidis*. Maladi menengokòk pa trè komen Ozetazini, men adolesan ak jèn moun sou plis risk.

De tip maladi pi komen yo genyen ladan yo enfeksyon

- **Revètman sèvo a ak mwèl epinyè (menenjit)**
- **Sikilasyon san**

Menm avèk trètman, vè 10 a 15 nan chak 100 moun ki fè maladi menengokòk pral mouri avèk li. Vaksen kont menengokòk se pi bon fason pou pwoteje pre-adolesan ak adolesan pou yo pa fè maladi menengokòk.



Kilè pitit mwen dwe pran vaksen?



Dòz 1: Laj 11-12

Dòz 2: Laj 16

Tout pre-adolesan ak adolesan dwe pran 2 dòz vaksen kont menengokòk konjige (MenACWY).

Yo dwe pran premye dòz la nan laj 11-12 lane ak yon dezyèm dòz nan laj 16 lane. Si adolesan w poko pran vaksen kont menengokòk sila a, pale avèk doktè li oubyen enfimyè li pou li pran li pi vit ki posib.

Adolesan ak jèn moun (laj 16 rive 23 lane) kapab pran yon vaksen kont sewogwoup B menengokòk (MenB) (2 dòz). Laj prefere pou pran vaksen MenB se 16 rive 18 lane. Pale avèk doktè oubyen enfimyè adolesan w an sou vaksinasyon kont menengokòk pou ede pwoteje sante pitit ou.


Èske vaksen kont menengokòk an sekirite pou pitit mwen?

Rechèchè te etidye vaksen yo kont menengokòk avèk anpil atansyon epi yo pwouve yo an sekirite anpil. Menm jan ak tout vaksen, vaksen kont menengokòk kapab lakòz efè segondè lejè, tankou wouj ak ti doulè kote yo te bay piki a (nòmalman nan bra a). Note byen pitit ou ka pran toulede vaksen yo kont menengokòk pandan menm konsiltasyon an, men nan bra diferan.

Genyen pre-adolesan ak adolesan ki te ka tonbe endispoze apre yo pran vaksen kont menengokòk oubyen nenpòt piki. Pou ede evite tonbe endispoze ak blesi ki gen rapò ak tonbe endispoze a, pre-adolesan ak adolesan yo dwe chita oubyen kouche pandan y ap pran piki a e apre sa pandan vè 15 minit apre yo pran piki a. Efè segondè grav nan vaksen yo kont menengokòk ra.

Kijan mwen ka jwenn èd peye pou vaksen sa yo?

Pi fò plan asirans sante yo kouvri vaksinasyon woutin. Pwogram Vaksen pou Timoun nan (VFC) bay vaksen pou timoun laj 18 lane ak pi piti ki pa gen asirans, ki manke anpil asirans, ki elijib pou Medicaid, ki Endijèn Ameriken, oswa Natif Alaska tou. Aprann plis sou www.cdc.gov/Features/VFCprogram.



Pale ak dokte oubyen enfimyè pitit ou sou vaksen kont maladi menengokòk, oubyen ale sou

www.cdc.gov/menengokok/vaccine-info.html

